

Chè Rezidan,

Sante ak sekirite rezidan nou yo ak manm pèsònèl nou an se pi gran priyorite nou. Mèsi poutèt ou te toujou rete fidèl ak nou pandan n ap travay pou fèk fas kare ak defi pandemi Kowonaviris la prezante.

N ap travay lajounen kou lannuit pou ba ou ak fanmi ou sèvis esansyèl yo epi kominike nenpòt enfòmasyon ki ka itil epi ki enpòtan. Pandan sitiyasyon an ap devlope ak COVID-19, nou kontinye modifye politik nou selon rekòmandasyon nou resevwa nan men ofisyèl tankou Depatman Sante Vil New York ak lòt patnè gouvènmanal.

Pwoteksyon Figi

Gouvènè Cuomo te pase yon Dekrè Egzekitif enpòtan semèn sa a konsènan pwoteksyon figi.

Gouvènè a te pase yon Dekrè Egzekitif ki antre anvigè nan vandredi 17 avril 2020 a 8è diswa, ki di nenpòt ki moun, ak rezidan NYCHA yo ladan, ki gen plis pase de (2) zan epi ki kapab an sante pou tolere yon pwoteksyon figi dwe kouvri nen ak bouch li avèk yon mask oswa yon pwoteksyon figi an twal lè li nan yon andwa piblik epi li pa kapab kenbe distans sosyal, oswa lè li pa kenbe distans sosyal (yon distans omwen sis (6) pye). Yon pwoteksyon ki kouvri figi ou kapab nenpòt bagay ki kouvri nen ou ak bouch ou, tankou mask pou pousyè, foula, ak mouchwa.

Ou menm ak fanmi ou dwe respekte dekrè sa a nan espas piblik ak zòn piblik sou batiman NYCHA yo, tankou koulwa, asansè, lòbi, zòn antre bilding, biwo manajman, lakou rekreyasyon (ki fèmen pou kounye a), kote pou moun chita, ak chemin pou mache yo.

An plis, Gouvènè a ak biwo Majistra a te pase yon lòt Dekrè ki egzije pou tout anplwaye esansyèl yo mete yon pwoteksyon figi ki kouvri bouch yo ak nen yo lè yo an kontak dirèk ak moun nan piblik la - sètadi, lè anplwaye yo nan yon distans sis (6) pye oswa wens ak lòt moun nan travay la, ki gen ladan kolèg travay yo ak rezidan yo.

Pou respekte Dekrè Egzekitif sa a, NYCHA ap bay tout anplwaye k ap travay nan bilding ak biwo NYCHA yo pwoteksyon figi kote manm pèsònèl yo ka an kontak dirèk ak nenpòt lòt manm pèsònèl oswa moun nan piblik la, ki gen rezidan yo ladan. Sa gen ladan apatman, espas piblik, zòn pou tann nan biwo manajman an, zòn deyò tankou antre bilding lan, lakou rekreyasyon, zòn pou chita, ak chemen pou mache yo.

Rezon yo egzije pou moun mete pwoteksyon figi se ou evite moun ki mete li a bay lòt moun COVID-19. Yo pa konsidere li kòm yon ranplasman distans sosyal ak lave men. Ou dwe toujou pratike distans sosyal, kote ou kenbe yon distans omwen sis (6) pye ak lòt moun epi lave men ou kòm mezi prensipal pou pwoteje tèt ou kont COVID-19.

Plis pwoteksyon pou rezidan ak anplwaye yo

An plis pwoteksyon figi yo bezwen met yo, manm pèsònèl NYCHA ki vini nan apatman yo pou fè sèvis ak reparasyon pral bezwen pran lòt mezi prekosyon, tankou mande rezidan yo sou sante yo epi kenbe yon distans omwen sis (6) pye ak lòt moun ki nan apatman an. Epi tou nou mande rezidan yo pou yo mete pwoteksyon figi pou pwoteje manm pèsònèl NYCHA yo lè y ap fè travay nan apatman ou a.

Nou rekòmande pou rezidan yo mande manm pèsònèl yo sou sante yo tou avan yo kite yo antre nan apatman yo. Si nenpòt moun lakay ou pa santi li byen, NYCHA ap mande pou fanmi yo rete rete nan yon chanm apa ak pòt la fèmen jiskaske reparasyon an fini. Si pa gen yon chanm apa, n ap mande pou manm pèsònèl yo ak rezidan yo kenbe yon distans omwen sis (6) pye youn ak lòt jiskaske reparasyon an fini.

Manm pèsònèl yo ka louvri yon fenèt nan apatman an tou pou kite plis van antre pandan reparasyon an.

Si rezidan an chwazi pa kite yon manm pèsònèl antre nan apatman an, oswa li pa suiv enstriksyon sa yo, manm pèsònèl la pral travay ak sipèvizè li po repwograme randevou a.

Pou dènye nouvèl konsènan kriz COVID-19 la, tanpri klike [la a](#) pou ale sou sitwèb nou an. Nou pral kontinye ba ou nouvo enfòmasyon yo nenpòt lè yo disponib.

Mèsi. Nou gen pou nou simonte defi yo ansanm, epi nou pral soti pi fò ke jamè.

Ak tout senserite,